

M.A.L.E
MOUVMAN AYISYEN LIB E ENDEPANDAN

M.A.L.E :
Yon lòt pèspektiv pou yon
Ayiti ki gen granmounite l

Preparasyon:
PIERRE-ERICK BRUNY
KÒDONATÈ JENERAL M.A.L.E
pierrebru43@gmail.com

KISA KI M.A.L.E ?

M.A.L.E se yon Mouvaman yon ekip patriyòt Ayisyen deside mete kanpe, ki charye bezwen ak nesesite peyi a, e ki la pou pote yon solisyon dirab ak katastwòf politik ke peyi a ap travèse. M.A.L.E pwone rasin nou kòm moun, valè nou kòm Ayisyen, enpòtans nou nan mond lan, e kòman nou ka itilize pase gloriye nou yo pou nou konstwi prezan nou e kite yon avni pou jenerasyon k ap vini yo.



Depi aprè lanmò Anperè Jacques Ier, Ayiti ap konfwonte ak anpil gwo defi, kote nou pa janm rive bay kontinite ak pwojè peyi a, sa koz nou tonbe nan ensekirite, enjistis sosyal, san edikasyon, san travay, pwoblèm kiltirèl, pwoblèm ayisyèn, vyeyisman demografik, e anpil lòt ankò k ap wonje sosyete a.

Malgre anpil gwo leve kanpe ki fèt andedan peyi a - manifès de Praslin (1841), mouvman Tako (1868), mouvman Kako (1915-1920), chanbadman rejim diktati Divalye yo (1986) - men nou pa janm rive abouti ak yon solisyon dirab. Malgre, nou antre nan yon swadizan sistèm demokratik devan dèyè, se anpire pwoblèm nou yo vinn anpire. Nou pa janm rive federe valè nou yo, pou nou rive konstwi reyèlman vrè kontra sosyal Anperè a te reve pou Ayiti a. Yon kontra sosyal ki te mete Èt Ayisyen an nan mitan tout sa leta t ap fè. Yon pwojè tou ki te gen ladanl endepandans ak souverènte nasyonal peyi a, men yon souverènte ki baze sou ekonomi, paske si ekonomi peyi a p ap byen mache, l ap difisil pou l genyen granmounite l.

Danje ki plane sou do peyi a, se danje tout ayisyen, kit ou deyò fwontyè oubyen anndan, nou tout konsène. Se pou tèt sa, M.A.L.E kwè ke nou dwe fè yon chèn solidarite, nan dyalòg frè ak sè, pou n rive akouche yon solisyon dirab pou tout pitit tè DAYITI.

KI VIZYON M.A.L.E

M.A.L.E vle yon Ayiti ki an rasinen nan valè nou yo ak tradisyon nou yo, ki fòje ak istwa zansèt nou yo te batay pou kite pou nou. Nap travay pou nou bay Ayiti endepandans reyèl li ak tout granmounite l.

Nou vle konstwi yon Ayiti lib san oken alyenasyon, kote chak sitwayen rekonèt pouvwa ak bèlte rasin nou yo. Nou kwè nan yon sosyete kote solidarite tounen yon pilye sakre, kote travay kolektif se yon motè pou pwogrè ak jistis, kote chak moun konsyan de wòl yo pou bati yon avni ki jis ak diyite. N ap travay poun konstwi yon pèp ki edike, rasinen e ini, gide ak fòs epi konviksyon pou yon Ayiti lib. Edikasyon ak agrikilti, se fondasyon vizyon nou, se kle pou libere potansyèl chak Ayisyen epi ba yo zouti nesèsè pou kontribye aktivman nan renouvèlman Ayiti.

KI MISYON M.A.L.E

M.A.L.E kwè ke pwoblèm n ap konfwonte yo chita sou pèt idantite nou. Nou pèdi esans nou, kilti n, fyète n, grandè nou, nou pyetine istwa nou, nou vin san diyite devan pwòp tèt nou. Nou kwè pou rebati Ayiti, premye chantye a dwe konstwi Èt Ayisyen an.

Yon fason pou n ka reprann fyète nou e konsa pou nou kontinye finalize pwojè sosyete ZANSÈT nou yo te bay san yo pou li a. Se sa k fè eslogan nou se : **ANN KONSTWI AYISYEN POU REBATI AYITI.**

Nou devwe nou pou repran tout sa ki bon ke zansèt yo te travay kite pou nou kòm eritaj, tankou, iswa nou, koutim nou yo, valè tradisyonèl nou yo, mès nou yo elatriye. Konsa pou nou ka fè fas ak defi ki prezante devan nou yo. Tounen dèye pa yon mal, paske si nou pèdi nan chemen ansyen yo te trase kite pou nou yo, nou dwe gade dèye pran nòt epi kontinye mache ak diyite. Nou kwè ke fòs nou chita nan rasin nou. Misyon nou se fòme Ayisyen ki konsyan de eritaj nou yo, pou rive reponn ak kouraj e entèlijans egzijans modènite a.

Nou mete edikasyon nan kè priyorite nou yo paske nou vle bati yon jenerasyon k ap klere, k ap konprann defi tan nou yo e k ap angaje yo nan sèvi byen komen an.

Agrikilti se fondman esansyèl pou M.A.L.E. Nou dwe pèmèt chak Ayisyen gen kapasite pou yo pwodi sa yo bezwen, kreye epi patisipe aktivman nan devlopman ekonomik peyi a. Agrikilti pa yon metye sèlman, li se yon pwomès pou yon demen solid, kote abondans se rezilta efò ak rezilyans.

Misyon nou se leve yon elan nasyonal, kote chak moun se yon batisè nan eritaj nou vle kite pou sila k ap vini yo. Ansanm, avèk detèminasyon ak lafwa, n ap travay pou konstwi yon Ayiti fò, lib ak fyète. Nan envesti nan moun, nan kiltive yon lespri ki lib, n ap pave chemen pou yon sosyete solidè e ini, kote chak endivi dwe pare pou leve defi tan pa yo a, epi bati yon nouvo Ayiti fidèl ak ideyal papa nasyon an.

Pou nou rive konstwi ÈT Ayisyen an, M.A.L.E kwè nan :

- **Patriyotis** kòm esans angajman nou,
- **Fratènite** kòm pilye nou, paske nou se frè ak sè,
- **Solidarite** kòm valè nou. Nou kwè ke nou dwe fè konbit menm jan sa te konn fèt lontan an, konbit pou nou travay ansanm, konbit pou nou manje ansanm, konbit pou nou pale pwoblèm nou ansanm, konbit pou jwenn solisyon yo ansanm, konbit pou n rekipere granmounite nou.

IDEWOLOJI M.A.L.E

DESSACHRISTOLOUVERTURIEN

- DESSA : patriyotis, liberalis ak kouraj pou afwonte
- CHRISTO : konsèvatè, pwotektè ak entèlijans
- LOUVERTURIEN : patriyotis ak diplomasi

M.A.L.E enspire nan papa nasyon an Anperè Jacques 1er ki reprezante pou ayiti yon patriyòt, ki kite pou nou libète ak kouraj pou fè fas ak defi.

- **Patriyotis:** M.A.L.E ankouraje yon lanmou pwofon ak yon lwayote san parèy anvè Ayiti. Sa a manifeste pa aksyon konkrè pou pwoteje ak ranfòse endepandans ak inite nasyonal la. afimasyon granmounite nou e travay pou nou rive konkretizel.
- **Liberalis:** Mouvmman an pwone yon vizyon libète kote chak moun responsab aksyon yo ak konsekans yo, pandan y ap respekte dwa ak diyite lòt moun. Liberalis la nan sans sa a se nwayo pou libète endividyèl ak kolektif la.
- **Kouraj:** M.A.L.E enkòpore kouraj pou lite kont enjistis, pou kraze chèn kòripsyon ak inyorans, e fè fas ak defi ki kanpe devan rekonstriksyon Ayiti a.

Konsèvatè, Pwotektè ak Entèlijans

M.A.L.E mete aksan sou yon apwòch ki plis konsèvatè, men ak yon fokis sou pwoteksyon valè esansyèl nou yo ak chache solisyon entèlijans pou rezoud pwoblèm peyi a:

- **Konsèvatè:** M.A.L.E kwè nan valè tradisyonèl yo ak mès nou yo ki pèmèt ke Ayiti fòje yon idantite fò, pandan n ap adapte ak reyalyte kontanporen yo, mouvmman an rete fidèl ak prensip ansèstral yo ki defini kilti ak valè ayisyèn nan.
- **Pwoteksyonis:** M.A.L.E angaje pou pwoteje resous nasyonal yo, kilti ak dwa sitwayen yo fas ak nenpòt fòm eksplwatasyon, swa entèn ou ekstèn. M.A.L.E se yon garan pou prezève tout sa ki bon andedan sosyete a.
- **Entèlijans:** Nou pwone itilizasyon entèlijans ak estrateji nan jere zafè piblik.

M.A.L.E kwè e ap travay pou gen yon diplomasi ki kapab fè respekte èt ayisyen an nan tout entegralite l. nou defann yon diplomasi fò ak respè, ki vize etabli relasyon entènasyonal pou ankouraje e fè respekte Ayiti.

Diplomasi se yon zouti pou elaji orizon peyi nou an san nou pa konpwomèt ak prensip fondamantal nou yo.

OBLIGASYON M.A.L.E

Obligasyon M.A.L.E yo se responsablite ak angajman ki vize asire ke mouvmman an ap travay ak efikasite pou konkretize objektif nou yo. Men kèk nan obligasyon nou yo:

Pote yon avni miyò e ranfòse idantite Ayisyèn nan: M.A.L.E dwe travay san pran souf pou ranfòse kilti nou, tradisyon nou, mès nou yo. Nou dwe fè sa atravè edikasyon, aktivite kiltirèl, ak pwomosyon istwa peyi a.

Nou dwe mete monitè nan chak kwen peyi a (pwovens yo) pou travay ak moun yo sou: Kiyès yo ye? ki wòl yo nan sosyete a? Kòman yo dwe viv ansanm? Kòman yo ka sekirize zòn yo? Kòman yo ka fè konbit pou yo travay ansanm nan tout domèn? Kòman yo dwe pwoteje anviwonman kote yo ye a? Aprann yo istwa peyi a; moutre yo ki enpòtans valè ansestral yo genyen; aprann yo sa sa vle di Ayisyen, ki kote yo soti, poukisa yo nan espas sa a; aprann yo tradisyon oral yo e ki enpòtans yo genyen pou yo ka kontinye pase l bay timoun yo. Aprann yo renmen yonn lòt; aprann yo rezoud konfli yo genyen ant yo; aprann yo genyen tolerans; aprann yo respekte sa k pi gran pase yo (ansyen yo), respè yonn pou lòt; aprann yo gen onètete; aprann yo manje ansanm; aprann yo solidarite, aprann yo dwa yo e devwa yo; aprann yo ke **Ayiti vini avan tout bagay**.

Nou dwe fòme lidè ak fè edikasyon yo: Mouvman an dwe mete aksan sou fòmasyon jenerasyon nouvo lidè, moun ki gen konpetans, konesans, e kapasite pou fè fas ak defi Ayiti ap fè fas yo. Li nesesè pou fòmasyon sayo fèt ak kontinite e dwe gen pou objektif konstwi èt ayisyen an. Mouvman an dwe travay pou asire ke edikasyon an pa sèlman sou konesans akademik, men nou dwe konsidere tou edikasyon an sou yon aspè istorik ak tradisyonèl, pou ranfòse fyète nasyonal nou. Fòmasyon M.A.L.E yo dwe reveye konsyans patriyotik èt Ayisyen an, ede yo konstwi yon sans kritik sou tout sa kap pase nan sosyete a. Fòmasyon sa yo dwe vize ni sa ki konn li ni sa ki pa konn li, nou gen kòm obligasyon kreye yon metodoloji pou nou aprann yo panse yon lòt fason. Li enpòtan pou n anseye jenerasyon k ap vini yo valè nou yo, kòm egzanp : koutim nou yo, kilti nou, manyè ansyen nou yo te konn viv, bon mès nou yo elt.

Angajman nou nan solidarite ak nan travay kolektif: M.A.L.E dwe ankouraje travay an ekip, solidarite ak kolaborasyon nan mitan kominote a. Sa enplike kreye opòtinite pou moun kolabore ansanm, ede youn lòt, ak bati yon peyi ki gen plis egalite ak diyite. Mouvman an dwe enspire ak mobilize moun pou yo travay ansanm pou byennèt Ayiti. Nou dwe mete aksan sou enpòtans inite nasyonal la, fè pwomosyon pou yon peyi ki ini, san pati pri, kote tout moun gen opòtinite egal, e kote moun yo konprann nesosite pou travay ansanm pou Ayiti.

Pwomosyon agrikilti kòm yon pilye esansyèl: Mouvman an dwe travay pou valorize agrikilti, kòm fason pou asire pwodiksyon manje lokal yo, ogmante endepandans ekonomik nou ak kreye travay pou moun nan tout peyi a.

Responsablite pou mete sou pye yon Ayiti solid: M.A.L.E dwe pran angajman pou bati yon sosyete ki baze sou lwa, jistis, ak bon gouvènans. Li enpòtan pou n travay ak lòt òganizasyon nan sosyete a pou fè chanjman pozitif nou bezwen an.

Chanjman nan konpòtman nou: Mouvmman an dwe travay sou chanje mantalite ak konpòtman moun yo, soti nan yon mantalite depandans pou pase nan yon mantalite kote chak sitwayen gen responsablite l, ak konsyans ke pouvwa endividyèl chak nan nou genyen pou kontribye nan devlopman peyi a. M.A.L.E angaje l pou respekte sa yo kòm baz prensipal, ak yon devouman san parèy, pou yon Ayiti ki gen diyite, endepandans ak granmounite e ki gen yon avni briyan, ki baze sou yon fondasyon sòlid.

KISA KI ÈT AYIYEN AN?

Se dabò yon bon papa/manman, yon bon mari/madanm, yon bon solda, yon moun ki kiltive solidarite, yon moun ki p ap trayi Ayiti, yon moun ki prè pou mouri pou defann enterè Ayiti, yon moun kap travay pou byennèt kolektif la, yon moun ki prè pou pataje sa l konnen espesyalman tradisyon anestral/oral. Èt Ayisyen an se yon konbinezon konplèks ki gen ladanl valè, idantite kiltirèl, tradisyon ak eksperyans istorik inik ki fòme moun ak kolektif la. Èt Ayisyen an pa sèlman yon moun ki fèt sou tè dAyiti, men se yon rekonesans pwofon de eritaj kiltirèl ak istorik peyi a.

Men kèk nan eleman ki konpoze Èt Ayisyen an:

Idantite kiltirèl ak istorik:

Èt Ayisyen an gen yon lyen fò ak istwa revolisyon esklav yo ki mennen nou nan endepandans pèp nwa a nan lane 1803-1804. Se yon eritaj kouraj, rezistans, ak lit pou libète inivèsèl. Lè w se Ayisyen, ou se desandan sa yo ki te batay pou libète, ou pote eritaj yon kilti rich e divès, fòje pa plizyè enfliyans espesyalman afriken.

Diyite ak rezistans:

Lè w se Ayisyen, ou se yon moun ki dwe kenbe diyite w devan nenpòt difikilte. Istwa Ayiti makonnen ak anpil defi politik, ekonomik e sosyal, men Ayisyen an toujou jwenn fòs pou leve defi yo, epi lite pou endepandans li. Kapasite sa a pou reziste ak defann onè li, menm devan difikilte, se yon karakteristik esansyèl nan Èt Ayisyen an.

Inite ak solidarite:

Èt Ayisyen an defini tou pa yon sans de solidarite ki trè fò, yon volonte pou sipòte lòt moun ak travay ansanm pou byennèt kominote a tankou fè konbit. Inite a, menm lè nap fè fas a difikilte, li toujou rete yon pilye santral nan idantite Ayisyen nan, kit nan fanmi, nan sosyete e menm devan obstak ki afekte peyi a.

Fyète nan istwa ak kilti:

Fyète se yon lòt aspè fondamantal nan Èt Ayisyen an. Ayisyen yo fyè de istwa yo, kilti yo, tradisyon yo, ak lang yo. Lang kreyòl, mizik, dans, gastronomi, atizay ak koutim yo se eleman ki ranfòse fyète sa a ak idantite pwofon sa a.

Espirityalite ak kwayans:

Espirityalite fè pati entegral nan Èt Ayisyen an. Ayisyen yo souvan gen kwayans relijye divès, soti nan kretyen, rive nan vodou, ki se yon eleman esansyèl nan kilti ak istwa espirityèl peyi a. Lafwa se yon fason pou simonte eprèv lavi a e pou bay sans nan egzistans yo.

Sans fanmi ak kominote:

Fanmi an se nan kè Èt Ayisyen an sa chita. Lanmou fanmi, lyen san, ak enpòtans relasyon imen yo kreye yon rezo fondamantal nan lavi nou chak jou. Kominote a jwe yon wòl enpòtan tou, ak yon sans kolektif ki depase souvan fwontyè pèsonèl yo. Jenewozite se yon aspè ki nan rasin kilti Ayisyèn nan.

Yon avni rezilyan:

Èt Ayisyen an, malgre anpil difikilte, kwè nan kapasite pou reyenvante tèt li, rekonstwi e pouswiv rèv yon nasyon pwospè ak endepandan. Edikasyon, agrikilti ak travay kolektif se eleman esansyèl pou yon demen miyò. Lè w se Ayisyen, ou pote yon eritaj rich, yon volonte ki fèw ka fè fas ak defi, e ou fè pati yon sosyete ki toujou kanpe fò devan tout sa lavi lanse sou ou. Se siy fyète ak rezilyans nou.

Èt Ayisyen an se yon konbinezon fòs, kouraj, ak fyète ki soti nan yon istwa rich ak yon kilti vivan. Se yon idantite ki pa sèlman bati sou tèritwa a, men sou espri moun yo, sou memwa sa yo ki te fè Ayiti vin sa li ye jodi a. Li se yon idantite ki soti nan rezistans ak libète, kote solidarite, inite, ak travay kolektif yo se baz ki kenbe peyi a.

Lè nou pale de Èt Ayisyen an, nou pale de moun ki gen kapasite pou lite, pou leve aprè chak difikilte, pou kontinye batay pou yon demen miyò. Nou se ras moun ki pa janm pèdi espwa, malgre tout kriz nap travèse.

Tout moun ki gen kè pou Ayiti, e ki kwè ke yo se Ayisyen dwe angaje yo nan travay pou devlopman peyi a, pou fòme yon nasyon ki ini, ki ka travay ansanm, e ki kwè nan pouvwa edikasyon ak travay di pou rive nan yon demen pwospè.

KI OBJEKTIF M.A.L.E

Objektif prensipal M.A.L.E se Konstwi Ayisyen pou rebati Ayiti, se rekonstriksyon Ayiti, ak yon konsantrasyon sou konstwi lòm ayisyen an. Pwosesis sa a dwe pase a travè plizyè objektif espesifik, tankou :

- **Valorizasyon edikasyon** : Pwomote yon edikasyon ki ka libere ak pèmèt ke Ayisyen an emansipe, se prepare Ayisyen pou yo rebati yon peyi solid, djanm ki gen enpepandans reyèl li ak tout granmounite l.

- **Ranfòse mès nou ak tradisyon nou yo:** Mete an valè kilti nou, istwa nou, ak tradisyon nou yo, pandan n ap adapte nou ak defi kontanporen yo.
- **Pwomosyon pou yon endepandans nasyonal:** Nou dwe pwomote e travay pou yon endepandans total nan defann Ayiti, ni sou plan politik, ni sou plan ekonomik, pandan nap enspire nan eritaj zansèt nou yo.
- **Solidarite ak travay kolektif :** Fòmasyon yon lespri solidè ak travay an ekip pou devlopman peyi a, kote chak sitwayen kontribye nan byennèt kolektif la.
- **Devlopman agrikilti :** Sipòte transfòmasyon agrikilti ayisyèn nan pou li vin tounen yon poto mitan nan ekonomi an ak yon faktè pou devlopman dirab.
- **Angajman sitwayen an :** Ankouraje patisipasyon aktif tout moun nan jere sosyete a, nan politik ak nan zafè piblik yo, pou konstwi yon avni miyò pou jenerasyon kap vini yo. Objektif sa yo konekte youn ak lòt e yo vize kreye yon sosyete ayisyèn ki jis, solidè e pwospè.
- **M.A.L.E** dwe kouvri tout teritwa nasyonal la, pou pèmèt ke Ayisyen an asime responsabilite l pou chanje Ayiti.

KI VALÈ M.A.L.E DEFANN?

M.A.L.E defann yon ansanm valè fondamantal ki gide aksyon nou yo ak vizyon nou pou Ayiti. Pami valè sa yo, nou jwenn:

- **Endepandans Ayiti:** M.A.L.E ap travay pou yon endepandans reyèl, otodetèminasyon ak granmounite nou.
- **Solidarite :** Mouvman an mete yon gwo aksan sou solidarite ant moun ak moun, kominote ak jenerasyon, pou ankouraje inite ak koperasyon nan chache sa ki bon pou rekonstriksyon ak devlopman Ayiti.
- **Travay kolektif :** M.A.L.E kwè nan enpòtans travay ansanm pou reyalize objektif komen yo. Valè sa a ranfòse lide mobilizasyon tout fòs vivan nan sosyete a pou chanje peyi a.
- **Kilti ak istwa:** Mouvman an ap chache prezève ak fè pwomosyon pou mès, tradisyon ak valè kiltirèl Ayisyèn nan ki enpòtan pou peyi a. Sa enkli yon refleksyon sou pase istorik peyi a ak fason li ka enspire nou pou yon demen miyò.
- **Edikasyon :** Edikasyon se yon pilye esansyèl nan transformasyon sosyete a. M.A.L.E valorize edukasyon kòm yon mwayen pou libere entelektyèlman ak sosyalman ayiti, pou fòme lidè konsyan e responsab.
- **Agrikilti:** Agrikilti se yon lòt pilye fondamantal nan vizyon mouvman an, kòm yon sektè kle pou sekirite alimantè, devlopman ekonomik, ak oto-sifizans pou Ayiti.

- **Patriyotis:** Mouvmman an gen yon angajman fò pou Ayiti, li kwè nan devouman ak lanmou pou Ayiti, ak travay di pou pèmèt Ayiti pran yon direksyon ki fè onè nou.
- **Fanmi :** Fanmi se yon pilye kle nan valè nou yo.M.A.L.E. kwè nan fòs inite fanmi yo kòm fondasyon sosyete a. Li ankouraje tout moun pou yo pran responsablite nan fanmi yo pou bati yon pi bon Ayiti, kont tout deriv, kont tout degradasyon kap fèt andedan sosyete a.
- **Kouraj :** Kouraj se kapasite pou fè fas ak defi, simonte obstak, epi pran desizyon difisil pou byennèt Ayiti. Se kapasite pou fè fas ak perèz ak enjistis avèk detèminasyon, pandan nou rete fidèl ak prensip nou yo.
- **Entegrite:** Entegrite se aksyon ki baze sou onètete, transparans ak moralite nan tout sa nap fè. Se fè sa ki dwat, evite kòripsyon, epi onore angajman nou, nan nivo pèsonèl ak kolektif.
- **Fòs :** Fòs la pa sèlman nan kapasite fizik, men li gen ladan l rezistans ak kapasite pou rete fèm devan advèsite. Se enèji kolektif yon pèp ini, pare pou lite pou jistis ak amelyorasyon sosyete a.
- **Etik :** Etik se prensip ki gide aksyon mouvman an. Li baze sou respè dwa moun, diyite ak jistis sosyal, ak aksyon ki toujou vize byennèt kolektif epi ak responsablite.
- **Verite :** Verite a se baz pou etabli yon fondasyon solid, konfyans ak transparans. Li gide aksyon ak diskou mouvman an k ap chache elimine manti, manipilasyon ak enjistis pou ankouraje yon sosyete ki jis.

Sa yo se valè ki nan kè mouvman an, an rezime, M.A.L.E defann yon apwòch global ki repoze sou inite nasyonal, prezèvasyon idantite nou, kilti nou, patriyotis, fanmi, edikasyon ak agrikilti, pou endepandans ak granmounite Ayiti.

M.A.L.E pran yon angajman pwofon pou rekonstwi Ayiti sou baz fòmasyon, edikasyon, agrikilti, ak solidarite. Avèk yon vizyon ki respekte istwa nou, kilti nou, ak tradisyon peyi a, mouvman an vle bati yon sosyete kote patriyotis, entegrite, kouraj, ak lòt valè fondamantal nou yo gide chak aksyon nap antre pran.Nou mete ansanm fòs, kapasite ak pasyon nou, pou kreye yon ekip ki ka chanje Ayiti. M.A.L.E ap chache fòme yon jenerasyon lidè ki angaje nan bati yon peyi ki solid, endepandan e ki gen granmounite l an amoni ak tout valè nou yo kòm moun. Se nan travay kolektif, disiplin, ak responsabilite nou pral fè Ayiti nou vle a.

Chak fwa w di: Mwen paka fè anyen, ou kite yon lòt ouvri pòt pou detwi rèv zansèt yo te gen pou Ayiti.

«Nou bezwen kwè nan fòs nou ankò. Nou bezwen travay ansanm, respekte valè nou yo, epi rekonèt ke chak Ayisyen gen yon wòl pou jwe. Pa bliye, chanjman pa janm kòmanse ak yon foul. Li kòmanse ak yon sèl moun, yon vizyon ak yon idewoloji.»



MALE - *Mouvman Ayisyen Lib e Endepandan*

✉ maleayiti202023@gmail.com

🐦 [@male_ayiti](https://twitter.com/male_ayiti)

📘 [MaleAyiti](https://www.facebook.com/MaleAyiti)

📷 [male_ayiti](https://www.instagram.com/male_ayiti)

▶ [male_ayiti](https://www.youtube.com/channel/UC...)